



MESAJ POU FANMI KI GEN TIMOUN PITI KI GEN OTISM

Se yon Mesaj Enpòtan pou Fanmi ki gen Timoun Mwens Pase 9 an ki Dyagnostike pou Pwoblèm Espèktwòm Otistik

Divizyon pou Otism nan Depatman Sèvis Devlopmantral la (DDS) lanse yon modèl Pwogram, ki rele Pwogram Otorizasyon Espesyal pou Sèvis Lakay ak nan Kominote pou Timoun ki gen Pwoblèm Espèktwòm Otistik, nan mwa oktòb 2007 la. Pwogram Otorizasyon Espesyal sa a ap fini nan dat 30 septanm 2010; pral genyen yon Pwogram Renouvèlman Otorizasyon Espesyal pou Otism ki pral ranplase l depi dat premye oktòb 2010 la. Pwogram Renouvèlman Otorizasyon Espesyal la pral kontinye fè entèkansyon fas-a-fas pou ede timoun ki gen pwoblèm otism grav, avèk pwoblèm adaptasyon sosyal ak kominikasyon, nan yon sèvis ki rele **Abilitasyon Pwolonje, Edikasyon** (Sèvis Lakay ak Sipò Entansif, tankou Analiz Konpòtman Aplike, egzèsis pratik, ak modèl Kominikasyon). Sèvis sa yo pral fèt lakay timoun lan, oswa nan lòt anviwonman natirèl, avèk sipèvizyon pèsonèl klinik ki fòme pou sa. Otorizasyon espesyal la pral fè tou sèvis sipò konplèmantè, tankou aktivite entegrasyon nan kominote, avèk rekreyasyon.

Pwogram Renouvèlman an pral kontinye sèvi timoun ki gen pwoblèm espèktwòm otistik, ki satisfè kritè kalifikasyon pou Pwogram Otorizasyon Espesyal la, jiska 9yèm anivèsè yo. Anrezime, Divizyon pou Otism lan pral bay yon opòtinite pou fè aplikasyon pou otorizasyon espesyal la pandan yon peryòd aplikasyon lib. Pèsonèl Divizyon pou Otism la prevwa kapab genyen anviwon 60 timoun ankò ki pral kalifye pou Pwogram lan pandan premye peryòd enskripsyon an, ki pral dire ant 12 ak 18 mwa. Apre peryòd sa a, Depatman an pral fè yon lòt enskripsyon lib pou li kapab sèten lis sa a aktyalize, ak pou pèmèt timoun yo fenk dyagnostike yo antre nan Pwogram Renouvèlman an.

Yon nouvo eleman nan Pwogram Renouvèlman an, se kapasite pou l rezève plas pou timoun ki gen 3zan yo, k ap fè tranzisyon pou soti nan Entèkansyon Prekòs la. Sa vle di, Divizyon pou Otism la rezève 10 plas nan Eta a pou timoun ki gen 3zan. Timoun sa yo pral bezwen tou, pou yo satisfè tout estanda finansye ak estanda kalifikasyon klinik yo mande yo, pou antre nan Pwogram lan.

Pwogram Renouvèlman an pèmèt timoun yo resevwa Abilitasyon Pwolonje (Sèvis Lakay ak Sipò Entansif, tankou ABA, ak egzèsis pratik) pandan 3zan. Pou timoun k ap fè tranzisyon pou antre nan Pwogram Renouvèlman an, yo pral konte sèvis lakay ak sipò yo deja ap resevwa kounye a nan peryòd 3zan sa a. Apre 3zan nan sèvis entansif lakay li a, yon timoun kapab kontinye Sèvis Sipleman (rekreyasyon, byen, ak sèvis) ki koresponn avèk bezwen li, epi k ap ede l fè tranzisyon pou kite Pwogram Otorizasyon Espesyal pou Otism la - jiska 9yèm anivèsè li.

Tout sèvis espesyal yo mande pou timoun lan kontinye satisfè kondisyon kalifikasyon finansye ak kondisyon klinik yo mete pou sèvis yo.

Pou fè nouvo sèvis ki genyen nan Pwogram Renouvèlman sa a, Divizyon pou Otism la pral òganize yo sezon aplikasyon lib pou idantifye timoun ki kalifye toupatou nan Massachusetts.

Rezon pou mesaj sa a, se pou fè w konnen ki kalifikasyon yo mande pou Pwogram Renouvèlman Otorizasyon Espesyal la:

Kalifikasyon: Men Kondisyon ki dwe satisfè pou yon timoun patisipe nan pwogram sa a:

1. Timoun lan dwe genyen yon **dyagnostik konfime** pou Pwoblèm Espèktwòm Otistik, ki montre Pwoblèm Otism, PDD-NOS, Sendwonm Rhett, Pwoblèm Dezentegrasyon Pèsonalite, ak Sendwonm Asperger, pou Depatman Sèvis Devlopmantral la kapab verifye.
2. Timoun lan dwe poko rive nan 9yèm anivèsè li. Timoun lan kapab patisipe jiska laj 8 an.
3. Timoun lan dwe se yon rezidan Massachusetts.
4. Timoun lan dwe genyen bezwen ki nan nivo sèvis yo bay nan yon Enstitisyon Swen Entèmedyè pou Moun ki Gen yon Andikap Entelektiyèl (ICF/ID), dapre evalyasyon DEPATMAN SÈVIS DEVLOPMANTAL LA.
5. Fanmi an dwe deside pou timoun lan resevwa sèvis lakay li ak nan kominote a.

MESAJ POU FANMI KI GEN TIMOUN PITI KI GEN OTISM

6. Timoun lan dwe kapab resevwa sèvis nan kominote a, san sa pa poze danje pou li.
7. Timoun lan dwe genyen yon reprezantan legal responsab, ki kapab sipèvizè sèvis yo epi ki sipòte Otorizasyon Espesyal la.
8. Ajans MassHealth la dwe jwenn timoun lan kalifye pou kouvèti Estanda MassHealth, dapre kantite lajan fanmi l touche. Pou fanmi ki poko fè aplikasyon pou MassHealth, sa dwe fèt an menm tan y ap depoze Fòmilè Demann pou Enskri nan Pwogram Otorizasyon Espesyal la.

Pi ba la a, gen enfòmasyon sou Salè Maksimòm pou Estanda MassHealth, pou 150% Nivo Lamizè Gouvènman Federal Tabli a. Pou w patisipe nan Pwogram Renouvèlman an, kantite lajan fanmi w touche a dwe pi ba pase nivo ki nan lis la*:

Kantite Moun nan Fanmi an	150% Nivo Lamizè Gouvènman Federal Tabli a	
	Chak Mwa	Chak Ane
1	\$1,354	\$16,248
2	\$1,822	\$21,864
3	\$2,289	\$27,468
4	\$2,757	\$33,084
5	\$3,224	\$38,688
6	\$3,692	\$44,304

Si pitit ou a poko gen yon lane, oubyen li gen yon pwoblèm sante espesyal tankou avèg, soud, oswa yon maladi kwonik debilitan, estanda yo pa menm avèk sa ki pi wo la a; tanpri kontakte Divizyon pou Otism la, pou plis esplikasyon sou ka sa yo.

Kouman pou Patisipe nan Pwosesis Kalifikasyon an:

1. Jwenn yon kopi Fòmilè Demann pou Pwogram Renouvèlman an

- a. Ou mèt kontakte Sant Sipò pou Otism nan kote ou rete a (nan lis pi ba la a) pou mande yon Fòmilè Aplikasyon.
- b. Sant Sipò pou Otism yo la pou ede w ranpli Fòmilè Aplikasyon an.
- c. Divizyon pou Otism la ap afiche tout fòmilè yo sou sit wèb DDS la:
 - www.mass.gov/DDS nan ribrik 'Autism Spectrum Services' [Sèvis pou Espektwòm Otistik]

2. Ranpli Fòmilè Aplikasyon pou Pwogram Renouvèlman an

Pou ranpli fòmilè sa a, ou pral bezwen:

1. dat nesans pitit ou
2. nimewo sekirite sosyal pitit ou
3. nimewo didantite MassHealth pitit ou

3. Remèt Fòmilè Aplikasyon pou Kalifye pou Pwogram Renouvèlman an ant 20 septanm ak premye oktòb

- Tout aplikasyon yo dwe genyen, sou anvlop la, yon so lapòs ki montre yo poste ant 20 septanm ak premye oktòb 2010.
- Si yon fòmilè aplikasyon pa poste ant dat sa yo, Divizyon pou Otism la ap jete l.
- Ekri nan fòmilè a avèk yon plim, an lèt byen detache.
- Siyen fòmilè a avèk yon plim.

MESAJ POU FANMI KI GEN TIMOUN PITI KI GEN OTISM

- VOYE YON SÈL APLIKASYON POU CHAK TIMOUN – Divizyon pou Otism la ap jete tout fòmilè li resevwa anplis yo.
- Voye fòmilè a pa lapòs (Divizyon pou Otism lan pa resevwa fòmilè men nan men) nan adrès sa a:
AUTISM DIVISION of DDS
Att. Renewal Program Application Form,
500 Harrison Avenue,
Boston, MA 02118

Yon priyorite Divizyon pou Otism DDS la, se veye pou pwosesis ki pèmèt kalifye moun pou Pwogram Otorizasyon Espesyal pou Otism la disponib san restriksyon pou fanmi ak timoun ki gen otism, epi ki soti nan yon peyi kote yo pale yon lòt lang, oswa ki gen yon lòt kilti.

Divizyon pou Otism DDS la gen Fòmilè Aplikasyon pou Pwogram Renouvèlman pou fanmi an nan plizyè lang. Ou mèt gade nan sit wèb DDS la, oswa telefone youn nan sèt Sant Sipò pou Otism ki resevwa finansman DDS yo, pou mande yon kopi nan lang panyòl, kreyòl ayisyen, khmer, ris, pòtigè, oswa mandaren.

Anons sa a, ak lòt enfòmasyon sou pwogram espesyal la, afiche nan sit wèb DDS la, nan adrès www.mass.gov/DDS nan ribrik 'Autism Spectrum Services' [Sèvis pou Espèktwòm Otistik], ak nan Sant Sipò pou Otism ki resevwa finansman DDS yo. Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Otorizasyon Espesyal pou Otism la, rele nimewo gratis la, ki se 1-(888)367-4435.

Lis non ak adrès Sant Sipòt pou Otism yo:

Autism Resource Center:

71 Sterling Street, West Boylston, MA 01583
#508-835-4278: Li sèvi: rejyon Santral Massachusetts la

Community Resources for People with Autism:

116 Pleasant St. Easthampton, MA 01027
#413-529-2428: Li sèvi: Wès Massachusetts

Community Autism Resources:

33 James Reynolds Rd, Unit C, Swansea, MA 02777
#508-379-0371: Li sèvi: Sidès Massachusetts

TILL and Boston Families for Autism:

20 Eastbrook Rd. Dedham, MA 02026
#781-302-4600 x 4661: Li sèvi: tout rejyon Boston an

The Family Autism Center:

789 Clapboardtree Street, Westwood, MA 02090
#781-762-4001, X. 395 Li sèvi: rejyon Norfolk County a

NEARC: The Autism Support Center:

6 Southside Road, Danvers, MA 01923
#978-777-9135: Li sèvi: Nòdès Massachusetts

Charles River Center:

59 East Militia Heights Road, Needham, MA
781-972-1048: Li sèvi: MetroWest